



FOR YOUTH DEVELOPMENT®
FOR HEALTHY LIVING
FOR SOCIAL RESPONSIBILITY

YMCA OF CENTRAL FLORIDA PREVANSYON ABI SOU TIMOUN Règ ak Règleman

Nou pran **oserye sekirite timoun yo, jenn moun yo, ak granmoun frajil yo**. Y konsène devlopman jèn: timoun yo dwe an sekirite pou yo grandi, pwofite ak rive nan tout kapasite yo kapab nan yon anviwònman ankourajan. Move tretman oswa neglijan sou timoun, jèn yo ak granmoun frajil yo reprezante sou presipal YMCA.

ENTÈRAKSYON ZEWÒ TOLERANS

Konpòtman konsa reprezante yon move konduit epi yo ka lakòz revokasyon tout pèsònèl la touswit (anplwaye oswa volontè). Bi tablo sa a se pou fè eklèsisman sou entèraksyon ki pa akseptab ant tout pèsònèl la ak timoun yo, jèn yo ak granmoun frajil yo. Lis sa a pa gen tout bagay ladan; gen lòt konpòtman yo gendwa idantifye.

1. Entèdiksyon Manyen ki Pa apwopriye

- a) **Abi seksyèl, molestasyon, abi fizik, pinisyon, disiplin** (pa egzanp itilizasyon fòs fizik, frape, peze, kit wi ou non yo itilize yo pou jere konpòtman)
- b) **Entèraksyon fizik ki pa apwopriye** (pa egzanp satiyèt, fè lit, tòde pwent tete, kenbe timoun nan cheviy oswa ponyèt pou fè balansin, masaj, karese*, bay tap sou dèyè*, bo*)
*sèlman timoun ki gen yon relasyon ak manm pèsònèl la/volontè a anvan li travay nan Y la epi li dwe pale sou sa avèk direksyon Y la

2. Entèdiksyon langaj ki pa apwopriye

- a) **Abi vèbal** (rele nan fason agresif oswa menasan; rabese, sa gen ladan bat plezi sou yon moun/ sou fanmi moun nan, peyi kote moun nan soti, relijyon, seksyalite, gwoup etnik, andikap, preferans seksyèl moun nan; menase pou fè mal nan kò moun nan oswa fanmi/zanmi moun nan)
- b) **Pèsekisyon, moke, entimidasyon** ak fòs fizik
- c) **Itilize konsekans ki pa apwopriye** pou konpòtman (pa egzanp fèmen yon timoun nan klotè, amwa; restrenn timoun lan nan fason ki pa apwopriye tankou mare men li ak kòd, mare timoun lan nan yon chèz; tepe bouch li)
- d) **Di oswa mande yon timoun pou li pa di** yon granmoun oswa yon paran pawòl oubyen aksyon anlwaye yo, volontè yo
- e) Franchi limit **entèraksyon ki apwopriye/ki pa apwopriye avèk jèn yo** (sa gen ladan rakonte istwa relasyon seksyèl pèsònèl, aktivite ilegal, pran pou yon patisipan olye ou bay pèsònèl la sipò pou fè respekte règ yo)

3. Entèdiksyon Tan Pou kont ou

- a) **Mennen yon timoun nan twalèt oswa nan vestyè oumenm**—lwen je lòt moun oswa san pòt la pa rete louvri
- b) Itilize yon biwo, eskalye oswa yon vestyè pou fè yon **konvèsasyon prive***
- c) Tan pou kont ou san otorizasyon; rete pou kont ou avèk yon sèl patisipan kote lòt anlwaye oswa granmoun pa ka siveye ou.*
*menm konvèsasyon prive dwe fèt anba je yon lòt granmoun

4. Entèdiksyon Paspouki

- a) Chwazi yon timoun pou **atansyon prefere** oswa bay aparans ap chèche devlope konfyans.
- b) Entèdiksyon **kado oswa rekonpans pou yon sèl grenn timoun**; tout timoun merite respè

5. Entèdiksyon Kontak Deyò

- a) Kontak nan rezo sosyal sou entènèt (imèl, voye tèks, tchat elatriye)
- b) **Transpòte patisipan nan pwogram nan veyikil pèsònèl** san otorizasyon nan men YMCA*
*sèlman timoun ki gen yon relasyon ak manm pèsònèl la/volontè a anvan li travay nan Y la epi li dwe pale sou sa avèk direksyon Y la

ENTÈRAKSYON KI APWOPRIYE

Yo dwe ankouraje sa anjeneral. Sepandan, menm manyen ki apwopriye kapab vin pa apwopriye lè li depase limit, oswa lè entansyon an se pou bay tretman paspouki.

1. Akolad sou kote
2. Akolad adistans, zepòl ou sèlman ki touche
3. Bay lanmen
4. Bay papach oswa kore ponyèt mare
5. Siy ak men ak salitasyon
6. Manyen anwo do, zepòl, bra, men, janm nan nivo jenou yo ak pi ba.
7. Ranje cheve (sètadi remete barèt, mete cheve yon sèl très oswa trese pou retire cheve nan figi; pa gen pwoblèm pou aktivite an gwoup, men li PA AKSEPTAB pou chwazi atansyon espesyal oswa pou pase anpil tan ak yon grenn moun)

YMCA of Central Florida egzamine chak ane tout politik prevansyon abi sou jèn yo pou gade si yo koresponn, si yo itil ak nesèsè, epi modifiye oswa anile yo si sa nesèsè.



FOR YOUTH DEVELOPMENT®
FOR HEALTHY LIVING
FOR SOCIAL RESPONSIBILITY

YMCA OF CENTRAL FLORIDA PREVANSYON ABI SOU TIMOUN Règ ak Règleman

Sitiyasyon abi kapab rive: 1) Nan kay oswa lwen Y la; 2) Nan sant otorize yo oswa nan pwogram ki sou kontra yo; ak 3) nan nenpòt pwogram Y. Si ou obsève siy yo nan Y la oswa yon timoun devwale li te viktim abi seksyèl, ou gen responsablite rapòte sa bay pèsonèl Y la touswit. **Sitiyasyon ki posib nan Y la:** 1) Pèsonèl la (anplwaye oswa volontè) kapab pa respekte règle yo oswa li franchi limit entèraksyon ki apwopriye avèk timoun yo, jèn yo oswa jèn granmoun yo; osnon 2) Timoun ak jèn yo ka lage tèt yo yomenm nan zak seksyèl oswa avèk lòt timoun, sa ki gen ladan pèsikasyon oswa entimidasyon.

Edike patisipan yo: Yo ka enfòmè patisipan yo nan yon fason ki koresponn ak laj yo osijè dwa yo genyen pou fikse pwòp limit pa yo pou sekirite pèsonèl yo konsènan "manyen", epi y ap ankouraje yo pou yo di yon granmoun sa si yon moun ap fè abi sou yo.

RAPÒTE AK DOKIMANTE ABI/NEGLIJANS AK LÒT KONPÒTMAN KI PA ADMISIB

1. Mwen okouran mwen oblije fè rapò nan Eta Florid si mwen gen plis pase 18 lane epi mwen kwè yon moun te fè yon timoun sibi abi oswa neglijan; epi mwen konprann lalwa egzije pou mwen rapòte sitiyasyon kote mwen konnen oswa mwen sispèk yon timoun, yon jèn oswa yon granmoun frajil (osnon yon moun ki gen andikap nan devlopman) te viktim abi oswa neglijan, epi si mwen pa fè li, sa reprezante yon deli grav.
2. Mwen konprann YMCA atann pou mwen swiv menm pwosedi pou rapòte abi yo, kit wi ou non mwen se yon moun ki gen obligasyon fè rapò. Enfòmasyon konsènan abi oswa posiblite abi oswa neglijan dwe gen prèk alekri. Yo dwe rapòte abi yo sispèk ba Depatman Timoun ak Fanmi:

Rele Liy Dirèk pou Abi: 1-800-962-2873

Fè rapò sou Entènèt: <https://reportabuse.dcf.state.fl.us/>

Fakse Rapò nan: 800-914-0004

3. Depi premye motif pou gen rezon kwè gen abi oswa neglijan ki egziste, ou dwe rapòte li ba yon sipèvizè oswa yon direktè pwogram ak/oswa yon responsab nan Sant Fanmi an (Family Center) pou yon rapò apwopriye ka kòmanse. Si sipèvizè a oswa direktè pwogram lan pa disponib, mwen konprann mwen dwe kontakte pwochen nivo sipèvizyon ki pi wo a. Poutèt li pa posib pou konsilte yon sipèvizè oswa yon direktè pwogram, sa pa dwe retade yon apèl bay otorite yo.
4. Depi premye motif pou gen rezon kwè yon volontè oswa yon anplwaye te franchi limit entèraksyon ki admisib nan YMCA oswa te komèt abi sou yon patisipan, menm si se pa te pandan lè travay, ou dwe rapòte konpòtman li ba yon sipèvizè oswa direktè pwogram ak/oswa responsab Sant Fanmi an. Y ap pran mezi ki apwopriye konsènan anplwaye oswa volontè a, sa ki gen ladan sispansyon oswa revokasyon nan travay nan YMCA oswa nan kondisyon volontè, epi y ap swiv pwotokòl YMCA a pou fè yon rapò ba otorite ki apwopriye yo.
5. Konfidansyalite enfòmasyon ki gen rapò ak abi enpòtan anpil epi enfòmasyon yo dwe konsène sèlman sipèvizè dirèk la ak/oswa responsab Sant Fanmi an epi Jesyon Risk. Men, konpòtman ki pa apwopriye ak konpòtman ki gen aspè seksyèl patisipan yo genyen anvè lòt moun nan pwogram YMCA yo, y ap kominike yo ba direksyon ki prevwa pou sa ak ba lòt pèsonèl ki travay avèk patisipan an.